



Pou Piblikasyon Imedya: 26/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN FAZ III PWOJÈ DRAGAJ REDI REJYONAL 15 MILYON DOLA NAN LAK ONTARIO AK RIVYÈ ST. LAWRENCE

Faz III Pwojè Dragaj Inisyativ pou Rezistans ak Devlopman Ekonomik Gouvènè a kòmanse avèk angajman òganizatè Konsèy Planifikasyon Jesyon Dragaj Rejyonal yo

Konsèy Planifikasyon Jesyon Dragaj Rejyonal la pral senkwonize efò dragaj lokal ak eta a ki ap fèt yo ak plan antretyen dragaj lokal alavni

Eta a lanse nouvo Inisyativ pou Ekonomi ak Rezistans Litoral Kotye a ki pral ede kominote ki ekspoze ak inondasyon yo nan zafè planifikasyon

Pwojè dragaj yo ki se yon pati nan Inisyativ pou Rezistans ak Devlopman Ekonomik 300 milyon dola Gouvènè a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke faz III pwojè Dragaj REDI Rejyonal 15 milyon dola a te kòmanse sou rivaj sid Lak Ontario a ak Rivyè St. Lawrence lan. Nan kad faz III a, Eta a ap travay avèk responsab lokal yo nan konte Orleans ak Niagara ak Konsèy Planifikasyon Jesyon Dragaj Rejyonal (Regional Dredging Management Planning Council) la pou devlope plan alontèm pou asire kanal navigasyon yo rete louvri. Eta a pral ede konte yo nan devlopman yon konsòsyòm nan plizyè konte ki pral bay estrikti legal pou konte yo mete ajou, elaji ak aplike yon Plan Jesyon Dragaj Rejyonal ki egziste nan lide pou kenbe kanal yo operasyonèl nan ane k ap vini yo.

"Nouyòkè yo k ap viv ak travay sou rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo toujou ap retabli yo de inondasyon devastatè ki te genyen ane pase a epi administrasyon sa a ap fè tout sa li kapab pou ede yo tounen konstwi pi djanm ke sa te janm ye anvan", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nan rasanble gouvènman lokal yo ak ba yo zouti avèk enfòmasyon nesèsè pou prepare yon plan antretyen dragaj ki reyalizab, n ap travay di pou pwoteje aksè rekreyatif epi asire ke vwa navigab yo kontinye jenere aktivite ekonomik ki enpòtan pou kominote sou rivaj yo."

Objektif Pwojè Dragaj REDI Rejyonal la se pou bay yon apwòch global ak bezwen dragaj aktyèl yo pou kanal navigasyon pò yo ki itilize prensipalman pou navigasyon rekreyatif ak refij nan rejyon an. Atravè faz I ak II a, pwojè sa a ap abòde zafè dragaj ki nesèsè pou 20 kanal navigasyon pò a. Pandan faz III a, Eta a pral bay konte yo enfòmasyon yo bezwen pou mete ajou, elaji ak aplike Plan Jesyon Dragaj Rejyonal ki egziste a pou kenbe kanal yo operasyonèl nan ane k ap vini yo. Pwojè a se yon pati

nan Inisyativ pou Rezistans ak Devlopman Ekonomik (Resiliency & Economic Development Initiative, REDI) 300 milyon dola Gouvènè a.

Se yon ekip plizyè ajans ki gen ladan Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS), Depatman Eta (Department of State), Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Otorite Enèji New York (New York Power Authority) ki pral jere pwojè Dragaj REDI Rejyonal la avèk sipò Kò Enjenyèr Lamè Amerikèn nan.

Sipò inisyativ Eta a pou Pwojè Dragaj REDI Rejyonal la fèt pou bay konte yo nan Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence la tan ki nesès pou devlope yon plan operasyonèl, antretyen ak finansman alontèm pou kenbe kanal navigasyon rekreyatif yo alavni. Se Inisyativ pou Rezistans ak Devlopman Ekonomik 300 milyon dola Gouvènè a ki bay angajman 15 milyon dola a.

Gouvènè a te anonse jodi a tou inisyativ pou Ekonomi ak Rezistans Litoral Kotye a. CLEAR, ke Depatman Eta a ap dirije, sipòte kominote lokal yo k ap fè fas ak nivo dlo ki wo ak pèsistan sou Lak Ontario a, nan pati anba Rivyè Niagara ak pati anwo Rivyè St. Lawrence nan devlope estrateji rezistans global epi planifye aplikasyon mezi pwoteksyon alontèm enpòtan yo epi ranfòse envestisman ki egziste yo. Plan CLEAR yo pral reflekte plizyè pèspektiv, bezwen, enterè ak basen vèsan nan chak rejyon epi patisipasyon an pral reflekte divèsite sosyal ak ekonomik rejyon yo ki gen ladan popilasyon vilnerab ak defavorize yo. Antrepriz planifikasyon yo ansanm ak ekspè yo nan Eta a pral ede kapasite lokal yo epi angaje kominote yo nan planifikasyon senaryo pou ede kominote a konsevwa enpak potansyèl chanjman alavni yo epi idantifye opòtinite pou ogmante koneksyon yo epi gen aksè ak dlo pandan y ap ogmante rezistans ak faktè estrès potansyèl yo. Rezilta a pral gen ladan estrateji rejyonal avèk aksyon lokal yo pou fè tranzisyon pou pase nan itilizasyon tè ki pi rezistan tankou divizyon an zòn, enfrastruktir vèt, biznis ki depann de dlo ki pi dirab ak devlopman inisyativ ak pwojè ki pral ede rann kominote ak biznis sou rivaj yo pi rezistan. Kominote kotyè CLEAR yo sitiye nan uit konte sou Lak Ontario, pati anba Rivyè Niagara ak pati anwo Rivyè St. Lawrence. Niagara, Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga, Oswego, Jefferson, ak St. Lawrence. Enfòmasyon sou Inisyativ CLEAR la disponib [isit la](#).

Komisè Biwo Sèvis Jeneral la, RoAnn Destito te deklare, "Mwen fyè anpil pou travay ekip mwen an nan OGS ap fè pou jere pwojè dragaj la. OGS ap prepare kontra Eta New York bezwen pou akonpli vizyon Gouvènè Cuomo pou gen kanal navigasyon ki san danje pou kanotye rekreyatif yo epi pou se yon avantaj pou ekonomi touris kominote sou rivaj yo. Rejyon an pral benefisye anpil efò Gouvènè pou fini pwojè dragaj sa yo".

Sekretè Eta a Rossana Rosado te deklare, "Mwen aplodi efò Gouvènè a dèske l ap bati apati finansman istorik Eta a nan kad REDI a ak ankouraje transfòmasyon ki nesès pou kominote yo pou tounen plas ki pi dinamik ak rezistan pou tout moun. Posiblite pou gen nivo dlo ki wo anpil kreye yon menas alontèm pou sante katye nou yo sou kòt yo ak vilaj yo nan Lak Ontario. Pandan chanjman nan lwa lokal yo raman rive nan jounal, yo enpòtan anpil pou transfòme kominote yo epi redui risk pi devan yo alontèm. Inisyativ CLEAR la pral mete kominote yo nan yon pozisyon kote yo gen yon lavni ki meyè ak pi an sekirite".

Pwojè Dragaj REDI Rejyonal la ap fèt nan twa faz. Lokal dragaj yo pou faz I ak II Dragaj REDI Rejyonal la gen ladan:

- Konte Oswego: Antre North Sandy Pond, Rivyè Salmon/Port Ontario
- Konte Niagara: Pò Wilson, Olcott
- Konte Orleans: Pò Oak Orchard, Johnson Creek
- Konte Monroe: Sandy Creek, Bè Braddock, Soti Long Pond, Bè Irondequoit
- Konte Wayne: Bè Pò, Bè Blind Sodus, Pò Bear Creek, Pultneyville, East Bay
- Konte Cayuga: Little Sodus Bay
- Konte Jefferson: Clayton French Creek Marina, Henderson "The Cut"
- Konte St. Lawrence: Ogdensburg "Kanal pa Devan Vil la", Kanal navigasyon Morristown

Chak pwojè dragaj sible pou fini nan pa plis pase kat mwa apati dat li kòmanse a, avèk dragaj la ki prevwa kòmanse nan:

- Avril 2020 nan Bè Blind Sodus
- Septanm 2020 nan Bè Lès ak Nò Antre Sandy Pond
- Oktòb 2020 nan Bè Braddock, Pultneyville ak Bè Little Sodus
- Avril 2021 nan Sandy Creek
- Jen 2021 nan Pò Olcott, Pò Oak Orchard, ak Wilson
- Jiyè 2021 nan Bè Irondequoit, Soti Long Pond, Pò Bear Creek, Henderson "The Cut", Johnson Creek, Rivyè Salmon/Port Ontario, Kanal Ogdensburg "Devan Vil la", Kanal Navigasyon Morristown ak Clayton French Creek Marine.

Detay inisyal sou Pwojè Rejyonal Dragaj la nan konte Cayuga, Jefferson, Monroe, Niagara, Orleans, Oswego, St. Lawrence, ak Wayne, ansanm ak avantaj rejyonal pou tout konte sa, yo disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)